ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№13 (23.827) ● 2019 гъэм мазаем (февралым) и 5, гъубж ● Тхьэмахуэм щэ хъыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

ЦIыхухэр къызэрырашэкI автомобиль транспортым и лэжьакIэм, республикэм и гъэзгухэм я щытыкIэм гулъытэ хэха хуащIынущ

КъБР-м и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIуэкIуэ Казбек Правительствэм и унафэщIхэмрэ муниципалитетэм я Iэтащхьэхэмрэ къырихьлIэу иригъэкIуэкIа зэIущIэр теухуауэ щытащ «ЦIыхухэмрэ абыхэм яIыгъ хьэлъэхэмрэ автомобиль транспортымкIэ, къалэхэм щызекIуэ электрическэ транспортымкIэ къыщешэкIынымр Урысей Федерацэм къыщызэрэпэщыным, Урысей Федерацэм и закон акт щхьэхуэхэм зэхъуэкIынымгъэхэр хэлъхьэным я Iуэхугъэ» Федеральнэ законым тету ди деж цIыхухэр пассажир транспортымкIэ къызэрыщрашэкIым хузгъэза кIэлъыплъынымгъэр гъэткIиным.

ГУЛЪЫТЭ хэха хуащIащ мы Iэнатlэм адэкIи зегъэужьным, шынагъэншагъэмкIэ хабзэхэр гъэзэщIэным, жылагъуэ транспортым и щытыкIэмрэ и теплъэмрэ къэгъэщIэрэщIэжьным, цIыхухэр къеушэкIынымр къызэзыгъэпэщ организацэхэм Iэ зыщIадзауэ щыта контрактэхэр зэрагъэзащIэр къэпщытэным.

КъБР-м Инфраструктурэмрэ бжыгъэхэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм къызэриты мкIэ, псоми къагъэсэбэп транспортыр зытет маршрутхэм гъэ къэс цIыху мелуан 40 хуэдиз къыщрашэкI. Апхуэдэ къалэ муниципальнэ, муниципалитет зэхуаку, щIыналъэ зэхуаку маршрутхэр илъэсым и пэщIэдзэм 282-рэ хъуэу щытащ.

А махуэ дыдэм КIуэкIуэ К. В. иригъэкIуэкIащ республикэм и гъэзгухэм зегъэужьным теухуа зэIущIэ. Абы къыщащта унафэм къыщыгъэлъэгъуащ 2019 гъэм кърибыдзу щIыналъэ, муниципальнэ мыхьэнэ зиIэ гъэзгуу километр 80-м щIигъу зэрагъэпэщыжыну е ирагъэфIэкIуэну зэрамурадыр.

Апхуэдэу «Автомобиль гъэзгу тэмэмхэмрэ шынагъуэншагъэмрэ» лъэпкъ проектым ипкъ иткIэ Налшык къалэм и гъэзгухэр зэгъэпэщыжыным е егъэфIэкIуэным трагъэкIуэдзэн папщIэ федеральнэ бюджетым къыхэкIыу дызэрыт илъэсым сом мелуан 432-рэ къыхуатIыпщынущ. 2019 гъэм ди щIыналъэм и гъэзгухэм щрагъэкIуэкIыну лэжьыгъэхэм республикэм и гъэзгу фондым къыхэкIыу сом мелардым 2,8-м щIигъу, блэкIа илъэсым елъытауэ хуэдэ зырэ ныкъыэкIэ нэхъыбэ, трагъэкIуэдэнущ.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ Iапl э.

КIуэкIуэ Казбек УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм Физкультурэмкlэ, спортымкlэ, туризмэмрэ щIалэгъуалэм я Iуэхухэмкlэ и комитетым и унафэщI Дегтярёв Михаил хуэзащ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIуэкIуэ Казбек республикэм и Правительствэм и Унэм щыхуэзащ УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм Физкультурэмкlэ, спортымкlэ, туризмэмрэ щIалэгъуалэм я Iуэхухэмкlэ и комитетым и унафэщI Дегтярёв Михаил.

ЗэIущIэм щытепсэльыхьащ ди щIыналъэм зыщагъэпсэху, узыншагъэр щрагъэфIакIуэ и комплексым зегъэужьныным, а Iэнатlэм къэралым и дэIепыкъуныгъэ етыным.

ЩхьэхуэУ хэпльащ щIалэгъуалэр гъэсэным, волонтёр, жылагъуэ Iуэхухэм ахэр къыхэщэным хузгъэзауэ лъэныкъуитIым зэщIыгъуу зэфIагъэкIыфынухэм.

КIуэкIуэ Казбек хьэщIэм фIыщIэ хуищIащ республикэм и нэIэ къызэрырагъэтым икIи жэрдэм зэмылIэужьыгъуэкэр пхыгъэкIынымкIэ къызэрыдэIэпыкъум папщIэ.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ Iапl э.

ЦIыхухэр къызэрырашэкI автомобиль транспортым и лэжьакIэм, республикэм и гъэзгухэм я щытыкIэм гулъытэ хэха хуащIынущ

КъБР-м и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIуэкIуэ Казбек Правительствэм и унафэщIхэмрэ муниципалитетэм я Iэтащхьэхэмрэ къырихьлIэу иригъэкIуэкIа зэIущIэр теухуауэ щытащ «ЦIыхухэмрэ абыхэм яIыгъ хьэлъэхэмрэ автомобиль транспортымкIэ, къалэхэм щызекIуэ электрическэ транспортымкIэ къыщешэкIынымр Урысей Федерацэм къыщызэрэпэщыным, Урысей Федерацэм и закон акт щхьэхуэхэм зэхъуэкIынымгъэхэр хэлъхьэным я Iуэхугъэ» Федеральнэ законым тету ди деж цIыхухэр пассажир транспортымкIэ къызэрыщрашэкIым хузгъэза кIэлъыплъынымгъэр гъэткIиным.

ГУЛЪЫТЭ хэха хуащIащ мы Iэнатlэм адэкIи зегъэужьным, шынагъэншагъэмкIэ хабзэхэр гъэзэщIэным, жылагъуэ транспортым и щытыкIэмрэ и теплъэмрэ къэгъэщIэрэщIэжьным, цIыхухэр къеушэкIынымр къызэзыгъэпэщ организацэхэм Iэ зыщIадзауэ щыта контрактэхэр зэрагъэзащIэр къэпщытэным.

КъБР-м Инфраструктурэмрэ бжыгъэхэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм къызэриты мкIэ, псоми къагъэсэбэп транспортыр зытет маршрутхэм гъэ къэс цIыху мелуан 40 хуэдиз къыщрашэкI. Апхуэдэ къалэ муниципальнэ, муниципалитет зэхуаку, щIыналъэ зэхуаку маршрутхэр илъэсым и пэщIэдзэм 282-рэ хъуэу щытащ.

А махуэ дыдэм КIуэкIуэ К. В. иригъэкIуэкIащ республикэм и гъэзгухэм зегъэужьным теухуа зэIущIэ. Абы къыщащта унафэм къыщыгъэлъэгъуащ 2019 гъэм къурибыдзу щIыналъэ, муниципальнэ мыхьэнэ зиIэ гъэзгуу километр 80-м щIигъу зэрагъэпэщыжыну е ирагъэфIэкIуэну зэрамурадыр.

Апхуэдэу «Автомобиль гъэзгу тэмэмхэмрэ шынагъуэншагъэмрэ» лъэпкъ проектым ипкъ иткIэ Налшык къалэм и гъэзгухэр зэгъэпэщыжыным е егъэфIэкIуэным трагъэкIуэдзэн папщIэ федеральнэ бюджетым къыхэкIыу дызэрыт илъэсым сом мелуан 432-рэ къыхуатIыпщынущ. 2019 гъэм ди щIыналъэм и гъэзгухэм щрагъэкIуэкIыну лэжьыгъэхэм республикэм и гъэзгу фондым къыхэкIыу сом мелардым 2,8-м щIигъу, блэкIа илъэсым елъытауэ хуэдэ зырэ ныкъыэкIэ нэхъыбэ, трагъэкIуэдэнущ.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ Iапl э.

МэкъумэшхэкIыу кърахьэлIэр нэхъыбэ хъуащ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэкъумэшыщIэхэм 2017 гъэм елъытауэ нэгъабэ мэкъумэшхэкIыу процент 1,8-кIэ нэхъыбэ кърахьэлIащ. СтатистикэмкIэ Кавказ Ищхьэрэ управленэм къызэритымкIэ, абыхэм сом мелард 46,891-рэ и уасэ продукцэ къалэжьащ.

Къапщтэмэ, апэ ита гъэм нэхъ рэ гуэдзыр процент 27,9-кIэ (тонн мини 151,2-рэ), сэхураныр процент 15,7-кIэ (тонн мин 32,9-рэ), пхъэщхьэмыщхьэмрэ мэракIуэмрэ процент 20,5-кIэ (тонн мин 259,4-рэ) нэхъыбэщ.

Хъыбарегъащ Iэ агентствэхэм къызэратамкIэ.

Фэеплъым хуэфащэ Iуэху

2019 гъэм мазаем и 15-м илъэс 30 ирокъу советыдзэхэр Афганистаным къызэрырашыжрэ.

УРЫСЕЙ Федерацэми СССР-м хыхьэу щыта республикэхэми зыхуагъэхьэзыр а Iэхугуэр зэрагъэлъэпIэнум. Афган зауэмрэ дзэ зэпэщIэтыныгъэхэмрэ я ветеранхэм я зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм къызэрыхилъхьам тету, КъБР-м и Iэтащхьэм и унафэкIэ къызэгъэпэщакIуэ комитет яубзыхуащ, Iэтащхьэм и Адміністрацэм и УнафэщI Къудзокъуэ Мухьэмэд и пашэу.

Мазаем и 15-м ирихьэлIэу, республикэм Iуэхугъуэ зэмылIужьныгъуэхэр щрагъэкIуэкIынущ:

зауэм хэтауэ ныкъуэдыкъуэ хъуахэр, зауэлI хэкIуэдахэм я щхьэгъусэхэмрэ я адэ-анэхэмрэ, кьапщтэмэ, дзэпыкъуныгъэ хуэныкъуэхэр къыхатхыкIынущ;

къалэ округэм, муниципальнэ районхэм, къуажахэм дэт фэеплъхэмрэ ди лъахэгъуэм я кхъащхьэхэмрэ зыхуей хуагъэзэнущ, ахэр щеджа курыт школхэм фэеплъ пхъэбгъуэхэр щыфIадзэнущ;

КъБР-м Щэнхабзэмкlэ и министерствэм а махуэм теухуа гъэлъэгъуэныгъэ къыщызэIуихынущ Ткаченкэ Андрей и цIэр зезыхьэ, Сурэтыщ Iуэхуаджэхэмкlэ республикэ музейм;

Афган зауэм зэкIуэдахэм я фэеплъу Налшык къалэм и «Дзэшхуей хадзэм» итыр зэрызэрагъэпэщыжынум и проект ягъэхьэзыр (ар къызэIуахауэ щытащ 2005 гъэм накъыгъэм и 20-м);

ЛIыхъужьныгъэм и дерсхэр («ХэкIуэдахэм я фэеплъым дыхуэпэжщ» фIэщыгъэ иIэу), зэхьэзэхуэ зэхуэмыдэхэр еджапIэхэм щекIуэкIынущ;

Афган зауэм хэта псоми зэIущIэхэм щратынущ къыдагъэкIа фэеплъ медалхэр;

Афган зауэм хэкIуэдахэм я фэеплъым деж пэкIу щызэхэтынущ 2019 гъэм мазаем и 15-м, а махуэ дыдэм Къэрал киноконцерт гъэлъэгъуапIэм зэхьэхэ гуапэ щекIуэкIынущ.

КЪАНЩАУЭ Мэлычыпхъ.

«Адыгэ псалъэм» Iэ тевдзэ

ПщIэ зыхуэтщI ди щIэджыкIакIуэхэ!

2019 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм къыфIэрыхьэну газетхэм, журналхэм я Iэ тедзэгъуэр нухащ, ауэ щхьэусыгъуэ зэмылIужьыгъуэхэм къыхэкIыу абы фыкъыкIэрыхуамэ, ар вгъэзэкIуажьфынущ. Апхуэдэу «Адыгэ псалъэ» газетыр дызыхуэкIуэ гъатхэпэм къыщыщIэдзауэ ныфхуахьынущ, мы мазаем и 25 щIондэ абы пощтхэм Iэ щыщIэвдзэмэ.

МазаемIым ди газетым и уасэр сом 408-рэ кIэлIейкIэ 52-рэщ.

Ди индексыр 51531

Мы махуэхэм

Мазаем и 5, *гъубж*

♦Урысейм ягу къыщагъэкIыж зи къалэн зыгъэзащIэу хэкIуэда дипкурьерхэр (дипломат къулыкъым и пощтхэр къезышэкIхэр)

♦Мексикэм и Штат Зэгуэтхэм я Конституцэм и махуэщ (1917 гъ.)

♦1783 гъэм Италием щIыр щыхъеящ. Нэхъапэм къэхъуа щыхъейхэм я нэхъ лъэщхэм икIи нэхъ кIыхьхэм хабжат ар. ЩIыр иудныщIэм нэхъ ужьыжыхурэ мазитKIэ екIуэкIа а къэхъукъащIэ шынагъэм и эпицентрыр зыхуэза Редджо-ди-Калабрие къалэри нэгъуэщI жылагъуи 180-ри щIым щыщ ищIат, цIыху мин 60-м щIигъу хэкIуэдат.

♦1943 гъэм къагъэсэбэпу щIадзащ «Текlуэныгъэм и гъуэгу» зыфIаща гъущI гъуэгу линэр. Абы мыхьэнэшхуэ иIащ нэмыцэдзэм къитIысыхьа Ленинград къалэр а къапхъэным къикIынымкIэ. Гъуэгум къыщыщIидзэрт Поляны платформэм икIи Нева псым и сэмэгурабгъу, Ладогэ и ижьырабгъу Iуфэхэмкlэ екIуэкIырти, Шлиссельбург нэс кIуэрт.

♦1960 гъэм СССР-м и Правительствэм и унафэкIэ къыэзэрагъэпэщащ Лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэм и Урысей университетыр (РУДН).

♦1991 гъэм Къыргызызым и къалащхьэ Фрунзе (1926 гъэм къыщыщIидзэуэ апхуэдэу еджэу щытащ) къалэм и цIэр Бишкек жиIэу зэрахъуэкIащ.

♦Шотландием щыщ къэхутакIуэ, автомобилхэм щIалъхьэ хьэфэ шэрхъэр къэзыгупсыса, ахэр къыщIэзыгъэкIыу щIэзыдза **Даилон Джон** къызэралъхурэ илъэсыр 179-рэ ирокъу.

♦Урыс тхакIуэ, литературэ критик, публицист **Добролюбов Николай** къызэралъхурэ илъэси 183-рэ ирокъу.

♦Совет Союзым и ЛIыхъужь **Матросов Александр** къызэралъхурэ илъэс 95-рэ ирокъу.

♦Къэбэрдей къэрал драмэ театрым илъэс куэдкIэ щылэжьа, УФ-м и цIыхубэ артист **Токъуий Хъусен** къызэралъхурэ илъэс 92-рэ ирокъу.

♦Журналист, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Тэрчыкъуэ Исуф** къызэралъхурэ илъэс 91-рэ ирокъу.

♦Португалием щыщ, дунейм щынэхъ Iэзэ дыдэ футболистхэм хабжэ, Испанием и «Реал Мадрид» командэм щыджэгу **Роналду Криштиану** и ныбжьыр илъэс 34-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Махуэм хуабэр градуси 3 - 6, жэщым щIылэр градуси 3 - 2 щыхъунущ.

Мазаем и 6, *бэрэжьей*

♦ЦIыхубзхэм я узыншагъэм зэран хуэхъу операцэхэр емыгъэкIуэкIыным и дунейпсо махуэщ

♦Таджикистаным щагъэлъапIэ милицым и махуэр

♦1918 гъэм Урысейр григориан махуэгъэпсым зэрыхуэкIуэм теухуа декрет къыдэкIащ.

♦1930 гъэм Совет Армэм и академическэ театр нэхъыщхьэр къызэIуахащ. Иджыпсту ар Урысеидзэм и академическэ театр нэхъыщхьэщ.

♦1935 гъэм «Кабардинка» къэрал къэфакIуэ ансамблым Советхэм я VII съездым и делегатхэм папщIэ Москва и Театр Иным концерт щитащ.

♦1936 гъэм Гармиш-Партенкирхен къалэм (Германие) къыщызэIуахащ IV Щ1ымахуэ Олимп Джэгухэр. Ахэр мазаем и 16 пщIондэ екIуэкIащ.

♦1943 гъэм Курган областыр къызэрагъэпэщащ.

♦1945 гъэм Лондон къыщызэрагъэпэщащ Профсоюхэм я дунейпсо зэгухьэныгъэр.

♦1968 гъэм Гренобль къалэм (Франджы) къыщызэIуахащ Х Щ1ымахуэ Олимп Джэгухэр. Ахэр къызэIуихат а къэралым и президент Шарль де Голль. Джэгухэр мазаем и 18-м зэхуащIыжащ.

♦США-м и 40-нэ президент (1981 - 1989 гъэхэм а къулыкъум тетащ) **Рейган Рональд** къызэралъхурэ илъэси 108-рэ ирокъу.

♦КъБР-м и цIыхубэ артисткэ **Тэмазэ Маржэнэт** къызэралъхурэ илъэс 96-рэ ирокъу.

♦СССР-м узыншагъэр хъумэныкIэ и отличник, КъБР-м и цIыхубэ дохутыр **Тембот Мухьэмэд** и ныбжьыр илъэс 81-рэ ирокъу.

♦Урысей продюсер, композитор, «Любэ», «Иванушки Интернэшнл», «Корни», «Фабрика» уэрэджыIакIуэ гуп цIэрыIуэхэр къызэзыгъэпэща, УФ-м гъэзаджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Матвиенкэ Игорь** и ныбжьыр илъэс 59-рэ ирокъу.

♦Журналист, продюсер, «Япэ канал» телекомпаниеим и генеральнэ унафэщI **Эрнст Константин** и ныбжьыр илъэс 58-рэ ирокъу.

♦Адыгэ усакIуэ, журналист, дохутыр **Пщыукl Латмир** и ныбжьыр илъэс 44-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 8 - 12, жэщым градуси 2 - 3 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Благъэжьрэ дыжьыныжьрэ.

● КъБР-м и Парламентым

КъБР-м и Тхылъ плъыжьымрэ нэгъуэщI Iуэхухэмрэ

КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ иригъэкIуэкIа зи чэзу зэIущIэм депутатхэр Iуэхугъуэ 40-м щIигъум щытепсэльыхьащ.

АБЫХЭМ ящыщщ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм псэупIэ Iуэхухэр зэрыщрагъэкIуэкIым теухуауэ» КъБР-м и Законым и Iыхьэ 22-2-м зэхъуэкIныгъэхэр хэлъхьэным ехьэлIауэ» КъБР-м и законым и проектыр.

КъБР-м и Парламентым Ухуэныгъэмкlэ, псэупIэ-коммунальнэ Iэнатlэмрэ гъэсыныпхъэ-энергетикэ Iуэхущ Iапl эмкlэ и комитетым и унафэщI **Гриневич Валерий** жиIащ федеральнэ закон №558-фЗ-м къызэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, къэрал псэупIэ кIэлъыплъынымгъэхэр къызэзыгъэпэщ Iуэхущ Iапl эхэм я къалэнхэм дыщIагъуащ фэтэр куэду зэхэт унэм и пэшхэр зэраухуауэ щытам къыщыхэщыкIыу зэхъуэкIынымгъэхэр щыхалъхьэкIэ (къэрал къулыкъущ Iапl эхэм, щIыпIэ самоуправленэм и органхэм, Iуэхущ Iапl эхэм, хьэрычэтыщIэхэм, цIыхухэм) ныкъусаныгъэ ялэжьымэ, къыщIагъэщыну е къызэпаудыну. ПсэупIэ кIэлъыплъынымгъэмкIэ къэрал, муниципальнэ Iэнатlэхэр а хабзэм хуит ещI фэтэр куэду зэхэт унэм и пэшхэм я ухуэкIэр мардэхэм къемызэгъыу зэрахъуэжам теухуауэ хьыбар къыдэрыхьэмэ, зэуэ къэпщытэныгъэхэр ирагъэкIуэкIыну.

Апхуэдэуи хэпльэн щIадзащ «ЦIыхухэм я узыншагъэр хъумэныр къызэрызэпэщыным теухуауэ» КъБР-м и Законым и Iыхьэ 2-м зэхъуэкIныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхукlэ» КъБР-м и законым и проектым.

Зи гугъу тщIа законопроектхэр ящыщщ КъБР-м и Парламентыр 2019 гъэм и гъатхэ зэхьэлъэн зэлэжьыну Iэхугуэу нэхъыщхьэхэм икIи ахэр хуагъэхьащ зыхуэфащэ Iуэхущ Iапl эхэр хагъэпльэну.

Депутатхэр тепсэльыхьащ КъБР-м и Парламентым Законодательствэмкlэ, къэрал уухэкIэмрэ щIыпIэ унафэр зегъэкIуэныгъэмкIэ и комитетым и унафэщI **Мэлбахъуэ Борис** зэрыжиIамкIэ, законопроектыр хуэгъэзащ «Урысей Федерацэм и щIыналъэхэм я къэрал, хабзэгъэув Iуэхущ Iапl эхэм я ятеухуауэ» Федеральнэ законым и 21-нэ Iыхьэм и положенэр Урысей Федерацэм и суд уухэкIэр щыгъэбелджыла федеральнэ закон хэхахэм я мардэхэм зэрезэгъыр къэхутэным, Урысей Федерацэм и щIыналъэхэм я конституцэ судхэм хеящIэхэм я къалэнхэр щызыгъэзащIэхэмрэ зэзыгъэкIуж хеящIэхэмрэ (къэрал куэныкъуу щытыр) я статусыр къэгъэльэгъуэным.

Хабзэ жэрдэму депутатхэм ягъэхьэзыращ «Гъунапкъэ зэдзлажьэныгъэм теухуауэ» Федеральнэ законым и 12-нэ Iыхьэм зэхъуэкIныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» федеральнэ законым и проектыр.

ЗэIущIэм и кIэм КъБР-м и Парламентым Мэкъумэш политикэмкIэ, щIыupэпсыр хъумэныкIэ къэгъэзэпэныныкIэ, щIы Iуэхухэмкlэ и комитетым и унафэщI **Щхьэгъэпсо Сэфарбий** депутатхэм хьыбар гуапэ яжриIащ «КъБР-м и Тхылъ плъыжьыр» къызэрыдэкIам теухуауэ. Тхылъыр щагъэхьэзырым депутатхэм зэпымыууэ абы я нэIэ трагъэтащ.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущ Iапl э.

Уэлий Альберт Барэсбий и къуэр Бахьсэн суд районым и суд участкэ №3-м зэзыгъэкIуж и судыщIэм и кулыкъум гъэувыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 100-нэ статьям и Iыхьэ 1-м и «и» пунктым, 117-нэ статьям и Iыхьэ 3-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зэзыгъэкIуж и судыщIэхэм я Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 6-нэ, 7-нэ статьяхэм япкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. Уэлий Альберт Барэсбий и къуэр Бахьсэн суд районым и суд участкэ №3-м зэзыгъэкIуж и судыщIэм и кулыкъум илъэсипщI пIалъэкIэ гъэувын.

2. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ **ЕГОРОВЭ Татьянэ**

Налшык къалэ
2019 гъэм щIышылэм и 31-м
№1005-П-П

Дэгу Мурат Владимир и къуэр Май суд районым и суд участкэ №2-м зэзыгъэкIуж и судыщIэм и кулыкъум гъэувыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 100-нэ статьям и Iыхьэ 1-м и «и» пунктым, 117-нэ статьям и Iыхьэ 3-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зэзыгъэкIуж и судыщIэхэм я Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 6-нэ, 7-нэ статьяхэм япкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. Дэгу Мурат Владимир и къуэр Май суд районым и суд участкэ №2-м зэзыгъэкIуж и судыщIэм и кулыкъум илъэсищI пIалъэкIэ гъэувын.

2. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ **ЕГОРОВЭ Татьянэ**

Налшык къалэ
2019 гъэм щIышылэм и 31-м
№1006-П-П

Отставкэм щыIэ судыщIэ Шыд Амур Къэралшу и къуэр Шэджэм суд районым и суд участкэ №3-м зэзыгъэкIуж и судыщIэм и къалэнхэр игъэзэщIэну къешэлIэным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

«Урысей Федерацэм и судыщIэхэм я статусым теухуауэ» Урысей Федерацэм и Законым и 7-нэ статьям тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. Отставкэм щыIэ судыщIэ Шыд Амур Къэралшу и къуэр Шэджэм суд районым и суд участкэ №3-м зэзыгъэкIуж и судыщIэм и къалэнхэр зи илъэсым нэсклI игъэзэщIэну къешэлIэн.

2. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ **ЕГОРОВЭ Татьянэ**

Налшык къалэ
2019 гъэм щIышылэм и 31-м
№1007-П-П

● Гу зылъытапхъэ

Мэлбахъуэ Елбэрд и щIыхькIэ

2019 гъэм мазаем и 6-м Мэлбахъуэ Т. Къу. и цIэр зезыхьэ къэрал лъэпкъ библиотекэм щекIуэкIынущ тхакIуэ, зэдзэкIакIуэ, журналист, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Мэлбахъуэ Елбэрд Тимборэ и къуэр** къызэралъхурэ илъэс 80 зэрырикъум теухуа юбилей зэхьэхь.

ЗэIущIэм щIидзэнущ сыхьэт 16.00-м

КъалэныщIэхэр яубзыху

Тезырхэр егъэпшынымкIэ федеральнэ кIуалиэкъум и Iэхэущ1ап1эу КъБР-м щыIэм и унафэщIым и къалэнхэр п1ал1экIэ зыгъэзащIэ Бырмамыт Чэрим иригъэкIуэкIащ коллегием и зэIущIэ. Абы къыщащыт1эжащ 2018 гъэм я лэжьыгъэм къриклуар, щаубзыхуащ я Iэнат1эм зегъэужьыным теухуауэ зэфIэхып1хэхэр, 2019 гъэм яп1э игъэщ1ипхъэ къалэныщIэхэр.

● Коллегиехэр

КОЛЛЕГИЕМ и зэIущIэм хэтащ КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм, республикэм и хабзэхъумэ Iэнат1эхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэр.

Я лэжьыгъэм теухуауэ къэпсэльащ УФСИН-м и унафэщIым и къалэнхэр п1ал1экIэ зыгъэзащIэ Бырмамыт Чэрим. 2018 гъэм зэфIагъэкIахэр къызэщIикъуэжу, абы жиIащ Iэхэущ1ап1эхэм щытыкIэр зэрыщызэп1эзэрытыр. 2017 гъэм еб-гъапщэмэ, УФСИН-м и Iэхэущ1ап1эхэм тезырыр щызэпшыныжхэр нэгъабэ нэхъ мащIэ хъуащ.

КъБР-м и УИС-м и лэжьыгъэм и унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщу Бырмамыт къигъэлъэгъащ суд зытращIыхьахэр я щхьэм щIэгупсысыжым, захъуэжым, жыIэдаIуэу щытын папщIэ яхэущхьэпэн Iуэхухэр зэрыдгъэкIуэкIыр. Абы папщIэ тезырыр щапшныжь Iэхэущ1ап1эхэм къыщызэрагъэпэщащ попечитель, адэ-анэ советхэр, ирагъэкIуэкI «Бжэ зэIуахэхэр», гъуазджэмрэ щэнхабдзэмрэ я лэжьакIуэхэр зыхэт зэIущ1эхэм, спорт Iуэхухэр, документальнэ, художественнэ фильмхэм ирагъэплъ1ахъуэущым исхэр.

КъБР-м щыIэ УФСИН-м и пресс-Iэухущ1ап1эр.

Мы гъэм илъэси 110-рэ ирокъу щIэныгъэрылажьэ-селекционер, адыгэ лъэпкъым щыщу мэкъумэш щIэныгъэхэм я доктор цIэ лъап1эр яп1эу зыхуагъэфэща Тхьэгъуш Нухь къызэраIухурэ.

Адыгэ Мичурин

● Япэ итахэр

ТХЬЭГЪУШ Нухь Ахьмэд и къуэр 1908 гъэм быщ1ыкъэ1ум и 13-м Тп1ап1эс районым хыхьэ Агуей къуажэм къыщал1эхуащ, мэкъумэш1ыщIэ унагъуэм щал1ащ. Къуажэм дзт курыт еджап1эм класси п1ныр къыщ1ухуа нэужь, Нухь щIэныгъэ иригъэгъуэтмэ фIэфIу, абы и адэ Ахьмэд щIалэр ешэ Тп1ап1эс дэт техникумым. Зэадзэзкъуэм я жагъуэ зэрыхъунти, Нухь и урысыбзэр хурикъуакъым еджап1эм щIэтIысхьэну. Ауэ щыхъум, щIалэр урысыбзэмкIэ егъэджакIуэм деж кIуэурэ, иIэсым къуриубыдзу зригъэщIащ икIи иужькIэ ар щIэтIысхьащ хы фIыщIэ мэкъумэш техникумым. 1929 гъэм Нухь техникумыр къиухащ екъуп1эныгъэфIхэр иIэу. А илъэсым щыщIэдзауэ 1931 гъэ пщIондэ Тхьэгъушым зэрихьащ Шапсыгъ райпсолкомым щы IуэхухэмкIэ и къудамэм и унафэщI къулыкъур. 1931 - 1933 гъэхэм Iэщ1агъэл1 ныбжьыщIым агроном нэхъыщхьэм и къалэнхэр ещ1эзащIэ. А зэманым къриубыдзу Тхьэгъушым лэжьыгъэшхуэ иригъэкIуэкIащ: Шапсыгъ щIыналъэр къуажэ-къуажэкIэрэ къызэхикIухьурэ Iуэрыпуэтэ зэхуэхьэсыж, и адэжьхэм жыг зэрагъэкIыну щыта щIэныгъэр къеIэтIащ.

1933 гъэм Тхьэгъушыр щIэтIысхьэ Краснодар жызум гъэкIныжмкIэ дэт институтым. 1939 гъэм абы екъулIэныгъэшхуэхэр къигъэлъагъуэу еджап1э нэхъыщхьэр къеуэ, а зэманым пщIэрэ щхьэрэ зиIа агрономпхъэщхьэмыщхьэгъэкI Iэщ1агъэм хуэIэрыхуэу. Къыхэгъэщыпхъэщ, 1937 гъэм Нухь еджап1эм зэрыщIэсу, и Iэщ1агъэ-щIэныгъэр зэрыл1агэр къалъытэу, партым зэрихагъэхьар. Иужькl, Тхьэгъушым аспирантурэр къыхуагъэл1агъуэ, и щIэныгъэм хигъэхьэну институтым къыщ1агъэнэж.

Ауэрэ къэхъеящ Хэку зауэшхуэр. 1941 - 1942 гъэхэм Тхьэгъушыр Краснодар районым и дзэ къудамэм и пашэу, 1942 - 1943 гъэхэм - Адлер МТС-м и унафэщIу щытащ.

Къалэм бийр дахужу Краснодар хуит къащ1ыжа нэужь Нухь институтым егъэзэж икIи мэкъумэшыщIэ Iэщ1агъэл1эр иригъэзыру пещэж и лэжьыгъэм.

1945 гъэм Тхьэгъушым къеуэ аспирантурэр, илъэс нэхъ дэмыкIыюу «Адыгэ мыIэрысэ, хъужь лIэужьыгъуэхэр» зыфIища и кандидат лэжьыгъэр пхеГъэкI. 1948 гъэм ар щалажьэ институтым и доцент мэхъу икIи 1956 гъэ пщIондэ абы лэжьыгъэшхуэ щрегъэкIуэкI. СССР-м ЩIэныгъэхэмкIэ и Академием епха Ботаническэ институтым и докторантурэм ирап1ах Тхьэгъушыр икIи «Адыгэ жыг хадзэхэр» зыфIища и доктор лэжьыгъэр щыпхеГъэкI.

1957 - 1978 гъэхэм Тхьэгъушыр и нэхъыщхьэу щытащ Краснодар институтым пхъэщхьэмыщхьэхэмкIэ и къудамэм и кафедрэм. Нухь иубзыхуа щIэныгъэр къагъэсэбэлупрэ, Краснодар крайм щыхасащ дэшхуей гектар 1000-рэ дэжьей гектар 600-рэ. ЩIэныгъэл1 Iэзэм а илъэсхэм гулъытэшхуэ хуищIащ Шапсыгъ щыналъэр жыг зэмыл1эжьыгъуэхэмкIэ гъэбеиным. Тхьэгъушым къыдигъэкIат пхъэщхьэмыщхьэ жыгхэмрэ джжыг л1эужьыгъуэхэмрэ къызэрагъэкIым, зэрыкIэлъыплъым триухуа «Адыгэ жыг хадзэхэр» тхыльыр. Къищынэмыщ1ауэ, Нухь къыдигъэкIащ щIэныгъэ лэжьыгъэ 55-рэ. Профессор Тхьэгъушым фIыщIэ бгъэдэлъщ щIэныгъэм и кандидат, доктор 10-м щIигъу зэриг3ъэхьэзырамкIэ.

ЩIэныгъэрылажьэ-селекционер Тхьэгъуш Нухь къэралым хуилэжьа Iэухущхъэм пэкIуэжьи пщIэрэ щхьэрэ игъэтащ. Абы къыхуагъэфащат «Щытхъуэ и дамыгъэр», ВДНХ-м и дыжьын медалит1, «РСФСР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъап1эр.

Тхьэгъушыр ящыщщ адыгэ лъэпкъым и япэ еджагъэшхуэхэм икIи хуэфащэу ирагъапщэ урысей биолог-селекционер Iэзэ Мичурин Иван.

1983 гъэм фокIадэм и 2-м дунейм ехыжащ щIэныгъэрылажьэ, адыгэ лъэпкъым зэрыпагэ селекционер Iэзэ Тхьэгъуш Нухь. Нобэр къыздэсым мэкъумэш Iэнат1эхэм къыщ1агъэсэбэп абы къызэринэкIа лэжьыгъэмрэ щIэныгъэмрэ.

ФЫРЭ Анфисэ.



● Агрофарм-2019

Утыкум зеубгъу

Ди къэралым и къалащхьэ Москва дэт ВДНХ гъэлъэгъуап1эм нобэ щыщIэдзауэ махуищкIэ щекIуэкIынущ «Агрофарм-2019» зыфIаща, къэрал 30-м я компание 400-м щIигъум я лIыкIуэхэр щызэрихьэлIэ зэхьихьэшхуэр. Зэ1ущIэ иным и къызэгъэпэщакIуэ нэхъыщхьэр УФ-м Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэрщ.

IэщIэкI-гъэШхэкI продукцэм елэжьын, джэдкъаз зехуэн, мэл-бжэн гъэхъун унэтIныныгъэхэм къыщыуназ Iуэху бгъэдыхьэкIэщIэкIэрэмрэ къыщ1агъэсэбэп технологие зэмыл1эужьыгъуэхэмрэ утыку къыщ1рахьэ гъэлъэгъуап1эм и къуэхым зиубгъу зэпытщ. Абыкl щыхьэтщ, илъэс е 13-нэ хъуаущ ВДНХ-м щрагъэкIуэкI Iуэхущхъэм я нэхъ ин дыдэу «Агрофарм-2018»-р къызэрыщIэкIар. Абы къэрал 28-м къыкIа Iэщ1агъэл1 мин 14-м нэблагъэ щызэIущат.

«Агрофарм» утыкум и мыхьэнэр зэрыпиныр къегъэл1агъуэ мыбдежым щызэрихьэлIэхэр къызыбгъэдэкIа хозяйствэхэм къыщ1агъэсэбэп Iэмалхэм зэрыщытепсэлъыхьым, чэнджэщ щхьэпэхэмкIэ зэрыщызэдзэгъашэм, Iэщ гъэхъуным, джэдкъаз зехуэным пыщIа, Iэ1ушэхьым зэрелэжьым хуэгъэпса Iэмэпсымэхэмрэ техникэмрэ зэрыщ1агъэл1агъуэм, инвесторэр, властым щыщхэр, щIэныгъэлIэхэр зэрыщызэIущIэм.

Зауэмрэ лэжьыгъэмрэ я ветеранэм я Налшык къалэ Советым 2018 гъэм зэфIиг1экIа лэжьыгъэхэр къыщапщытэжа зэ1ущIэ зэхэтащ.

● Налшык

Я лэжьыгъэр къапщытэж

СОВЕТЫМ и тхьэмадэ Абдуллаев Мустэфа тепсэлъыхьащ зауэм хэтахэу, зи щхьэгъусэ зауэм хэкIуэда фызабэу, зауэ лъэхъэнэм лэжьыгъэ хьэлъэ къезыхьэлIахэу нобэ диIэжхэм илъэс блэкIам къриубыдзу хуащIа гулъытэмрэ медицинэ, социальнэ Iэхэутхъэбзэхэмрэ. Ахэр зыхуеину хущ1ъуэгъуэхэмкIи тэмэму къызэрагъэпэщащ. Зэ1ущIэм апхуэдэу увыпIэ щхьэхуэ щиубыдащ щIалэгъуалэм, псом хуэмыдэу студентхэмрэ школакIуэхэмрэ, драгъэкIуэкIа лэжьыгъэм. Ветеранхэр хэтащ гъэсэныгъэм теухуауэ екIуэкIа зэпсэльыгъэхэм, зэ1ущIэхэм, зэпеуэхэм. Ветеранхэм я Советым и къэзыхьэлIахэр щIэдзэжьи щIидзащ волонтёрхэм я зэгухьэныгъэм. Ахэр Советым сэбэп къыхуохъу дзэпсыкъуэгъу хуэныкъуэ, зеиншэу къэна, щытыкIэ гугъу ит нэхъыжьхэр къыхэтхыкIыныкмкIэ, абыхэм ящыщ дэтхэнэмэ зыщIагъэкъуэн щхьэкIэ.

Зэхьэхьэм щытхъу тхылъхэр щратыжащ илъэс псом къриубыдзу ветеран органинацэхэм я лэжьыгъэм жыджэру хэтхэм.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Адыгэхэр адыгэбзэ хуей?

Къыддалъхуа фIыгъуэ ин

Дыщыпсэу щIыналъэм ди анэдэлъхубзэмкIэ къыщыдэкI газет закъуэм, «Адыгэ псалъэм», къыхилъха рубрикэщIэм къигъэув упщIэм занщIэу, зы меданкIи сымыгупсысэу жэуап изот: «Ауэ сытми дыхуей!» Дрибзуэну хьэуа дыхуей? Дыхуейщ. Дрипсэну, дрищIэну, лъэпкъыу дыкъалъытэу дунейм дритетыну адыгэбзэми дыхуейщ-тIэ! Аращ щIыжьитIэр: «Ди бзэр - ди псэщ, ди гу къуэпсщ».

АНЭДЭЛЪХУБЗЭР ди лъым хэту анэм дунейм дыкъытрегъэхьэ. Сыт атIэ а ди гу къуэпсым хэт ди лъынтхуэр ди IэкIэ къыхэтчын щIыхуейр? ЗэрызгъэщIэгъэнур сщIэркъым псэльамэ, «сыадыгэщ!» жаIэрэ я бгъэм теуIуэжу, ауэ щыхъукIи уэрамым, унэм хамэбзэкIэ я ныбжьэгъуэхэм, бынхэм, къэзылъхуахэм епсэльэжу дэтхэм я гупсысэкIэр. КъызэрыслъытэмкIэ, ди бзэр щIэтIэхъуэ щIофблэм яIурылъу къэгъэхъуныр псом яп1э зи къалэныр адэ-анэхэращ. Гущэм щыхэльым деж къыщыщIэдзауэ, анэ быдзышэм щIыгъуу, сабийм и пкъынэ-лъынэм хэпщэн хуейщ анэдэлъхубзэр. Мыхьэнэшхуэ иIэщ цIыкIуэхэм адыгэбзэкIэ уепсэльэным, хъыбарыжьхэм щIэбгъэдэIуным, усэхэм уакъыхуеджэным. Апхуэдэущ сабийм бзэм и Iэфlагъэр зэрызыхебгъэщIэфынур.

«Сабийм цIыкIу щIыкIэ зэхихари мывэм дамыгъэ тепщIари зэхуэдэщ», - жаIэ. АтIэми, балигъхэм, нэхъыжьхэм ди дежкъэ-тIэ къыщынэр бзэр хъумэныр? Зи щIалэгъуэхэр бзэм и Iуэхум егупсысыну хунэмысми, адэшхуэ-анэшхуэхэм гулъытэ хэха яхуэтщIын хуейщ ди къэзрылъху-пхъурылъхуэхэм анэбзэр зэраIурылъ щIыкIэм. Апхуэдэуи мыхьэнэшхуэ иIэщ школым анэдэлъхубзэр щезыгъэджэм яIэ хэльэтым. ЦIыкIуэр зэрыхъунрэ дегъэзыхьэн хуейщ ди бзэмрэ ди лъэпкъ литературэмрэ джыным. Псом хуэмыдэу абы егугъун хуейщ мы лъэхъэнэм.

Ди жагъуэ зэрыхъущи, адыгэ адэ-анэхэм мымащIэу къахохI си бынир адыгэбзэ емыджэмэи хъуну къэзылъытхэр. Фи фIэщ щIы: ар щыуагъэшхэщ. Адыгэбзэр зэран лъэпкъ хъурэкым, нэгъуэщI предметхэр нэхъ кууэ яджмыну. АдыгэбзэкIэ курыт школым щеджа, къалащхьэр мыхъуу, жылэ пхыдзахэм дэт школхэр къэзыуха ди лъэпкъэгъу куэд щIэныгъэм и щыгум дэкIуеифащ. Апхуэдэхэщ, къапщтэмэ, щIэныгъэлI цIэрыIуэхэу, еджагъэшхуэхэу Хьэкlуащэ Андрей, Налоэ Заурби Ахьмэдхьанрэ, КIыщокIуэ Алим, Мамбэт Хьэлым, Тау Хьэзешэ, Дзэмыхь Къасболэт, Темырыкан Юрэ, Къалмыкъ Юрэ, нэгъуэщI куэди. Ди мащIэкъым адыгэм къытхэкIа дохутыр, инженер, ухуакIуэ, тхыджэдж, техник цIэрыIуэхэр. Адыгэбзэр Iумпэм зыщIаи яхэту сщIэркъым абыхэм.

Адыгэбзэр кIуэдыжыным нэсауэ жызыIэ щыIэщ. Ар сигу къэзгъэкIыну сыхуеихэкъым сэ. Ар нэхъыфIу тхъумэн папщIэ, нэхъыбэрэ дрипсэлъэн, дритхэн, уэрэд ирижьтIэн, усэ дыкъреджэн хуейщ. Къэралыбзэу щыщыткIэ, ди республикэм щекIуэкI Iуэхухэри анэдэлъхубзэкIэ зэрахьэу щытыпхъэщ. Апхуэдэу ди щIыналъэм щагъэувэ къулыкъущIэхэри яп1эщIыкIэ къапщытэн хуейуэ къызолъытэ я анэбзэр зэраIурылъ и лъэныкъуэкIэ. А мардэм тетущ Шэшэн Республикэм къулыкъущIэхэр зэрыщагъэувыр.

Ди бзэр тхъумэжыным и хэкIып1эхэм ящыщ зыщ «Адыгэ псалъэ» газетымрэ «Iуащхьэмахуэ», «Нур» журналхэмрэ адыгэ унагъуэхэм къахуэкIуэу щытынри. Абыхэм къытохуэуи зэхэщIыкIым хэзыгъэхьуэ, акъылыр жан зыщI, уи гупсысэм зезыгъэужь хъыбар куэд. Псом хуэмыдэжу сэ сфIэфIу сыкъоджэ «Адыгэ псалъэм» и щэбэт къыдэкIыгъуэхэм. Си жагъуэ газетым и къыдэкIыгъуэхэр зэрагъэмащIар. Электрон газету тхылъымп1экIэ къыдэкIым гъуэз хущIам куэд еджафырыкым, псом хуэмыдэу зи ныбжь хэкIуэтахэр абы п1эщIэщ щытынри. Интернетым хуэмейщи.

Адыгэхэм ди бзэр дэ дымыхъымэжкмэ, абы нэгъуэщI лъэпкъым щыщхэр къакIуэу тхуелIэлIэнукъым. Дывгъэхъумэ ди анэдэлъхубзэр, ди анэбзэр, къыддалъхуа фIыгъуэ иныр.

IэХЪУЭБЗЭ Хьэшым,
пэжыгъэм и ветеран.
Бахъсэн къалэ

● Ди сурэт гъэтIылъыгъэхэр

Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и артист, уэрэджэIакIуэ Iэзэ Ташло Алий и унагъуэр и гъусэу. *2000 гъэ.* *Сурэтыр* **Толгуров Камал** *трихащ.*

● Банк Iуэхухэр

Фейдэр зыIэщIумыгъэкI

Урысей Федерацэм и Хъумап1э банкым сомкIэ халъхьэм щIыхухэм къахуищI хэхъуэм къыщIегъу икIи процент ставкэр 0,15-м къыщыщIэдзауэ 0,60-м негъэс. Абы ищIыIужькIэ «Лови выгоду» хэлъхьэныгъэр къызэIупх хъунущ 2019 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 31 пщIондэ, проценти 7,10 - 7,65-рэ илъэсым фейдэуэ къыпхуищIу.

МАЗАЕМ и 4-м Хъумап1э банкым къеIэт сомкIэ халъхьэ ахъшэм къахуищI ставкэм. Къищынэмыщ1ауэ, «Лови выгоду» хэлъхьэныгъэщIэр къызэIуех. Нэхъ мащIэ дыдэу абы хэплъэ хъунур сом мин 50-щ. ПроцентхэмкIэ щIыхухэм къахэхъуар зэрыхалъхьа п1ал1эр щиухым и деж къабжьыкъ. Зэрыхалъхьэ п1ал1эхэр - мазитху, илъэс, илъэсрэ ныкъуэрэ. Илъэсым къриубыдзу хэхъуэнущ проценти 7,10-м къыщыщIэдзауэ 7,65-м нэс.

«Лови выгоду» хэлъхьэныгъэр къыщызэIупх хъунущ банкым и къудамэ псомкI, къищынэмыщIауэ жыжьэу Iуэхутхъэбзэ щыхуащIэ щIып1эхэм (банкоматхэм, интернет-банкэм е «Сбербанк Онлайн» мобильнэ гъэдзэнхэм) 2019 гъэм гъатхэпэм и 31-м (а махуэри хэту) пщIондэ.

«Хэлъхьэныгъэр - Iэмалыфlщ уи гъэтIылъыгъэхэр пхъуэмэным къищынэмыщIауэ, депозитыр къыщызэIупхкIэ банкым къып1хуигъэлъагъуэ процентхэмкIэ ахъшэ къэблэжьыныи. Абы я фейдэ хэлъщ зыри къыхамыхьу мылъку зэхуэзыхьэсыныхэми, ар зэрыхуейм хуэдэу зезыгъэкIуэну хущIэкъуэхэми», - къыджиIащ Урысейм и Хъумап1э банкым и Ипщэ-Хъуэхэп1э банкым и унафэщI Безделевэ Ларисэ.

ХЬЭТАУ Ислъам.

● Зэпеуэхэр

НэхъыфIхэр ягъэбелджылы

КъБР-м и Президентым 2008 гъэм и мазаем къыдигъэкIа Унафэ №15-УП-м ипкъ иткIэ, ди республикэм илъэси 10-м щIигъуэу щагъэпажэ щыналъэм и студент нэхъыфIхэр. КъБР-м ЦIыхухэр егъэджэныкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министерствэм и пресс-Iэнат1эм хъыбар къыздырыдигъэщIамкIэ, мы илъэсми пащэ а Iуэху-гъуэм.

КъБР-м и Iэтащхьэм и цIэкIэ ягъэува стипендиер зыхуагъэфэщнэхэр мы зэманым ягъэбелджылы. Iуэхугъуэм ехьэлIа зэпеуэм хэтыну хуитщ ди республикэм и щIалэгъуалэу еджап1э нэхъыщхьэхэм махуэрыеджэжу щIэсхэр. Зэпеуэм хэтыну гукъыдэж зиIэхэм абы теуху тхылъхэр ятын хуейщ КъБР-м ЦIыхухэр егъэджэныкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министерствэм Iэщ1агъэхэм хуегъэджэныкIэ и къудамэм. Дэфтэрэхм яхэлъын хуейщ:

- КъБР-м цIыхухэр егъэджэныкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министр Къумыкъу Iэуес и цIэкIэ тха лъэIу тхылъ;
- зэпеуэм хэтыну студентым и характеристикэ;
- зэпеуэм хэтыну студентыр зыщIэс еджап1э нэхъыщхьэм и щIэныгъэ советым абы теухуауэ иригъэкIуэкIа зэхуэсым и протоколым къыхатхыкIа тхыгъэ;
- студентым и зачетнэ тхылъым и копиер, еджап1эр абы щыхьэт зэрытехьэр къэгъэзэIуауэ;
- зэпеуэм хэтыну студентым и къалэмыпэм къыпыкIа лэжьыгъэхэм я спискэр, еджап1э нэхъыщхьэм и щIэныгъэ секретарым и Iэщ1эдзыр щIэлъу;
- студентым зыIэригъэхьа екъулIэныгъэхэм щыхьэт техьэу дэфтэрхэм я копие (сертификатхэм, дипломхэм, фIыщIэ, щытхъу тхылъхэм, н.кь.);
- зэпеуэм хэтынум и паспортым и копиер;
- студентым и счётым (картэм) теухуа хъыбар иту хъумап1э банкым къикI тхылъ.

Зэпеуэм хэтыну гукъыдэж зиIэ махуэрыеджэ студентхэм я1э упщIэжьмкIэ зыхуагъаз хъунущ КъБР-м ЦIыхухэр егъэджэныкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министерствэм Iэщ1агъэхэм хуегъэджэныкIэ и къудамэм и телефоныр: (8662) 42-07-26.

КЪАРДЭН Маритэ.

● Хьэткъуэ Умар къыдэрэлъхурэ илъэси 135-рэ ирокъу

Дунейпсо литературэм и классик

Иджырей тырку литературэм и новеллэ жанрым и лIабжьэр зыгъэтIылъа Хьэткъуэ Умар - Омер Сейфеддинкlэ зэджажым - дунейпсо литературэми увыпIэ хэха щеубыд.

***Абы и тхылъэр къэрал куэдым къыщыдэкlащ. Урысыбзэкlэ зэрадзэкlаУэ Умар и новеллэхэр тlощI гъэхэм и кlэм къыщыщIэдзауэ урыс журналхэм къытохуэ, и тхылъ къыхэхахэр тхылъ щхьэхуэу 1957, 1975, 1987, 2009 гъэхэм Мэзкуурэ Ленинградрэ къыщыдокI. ТхылъипlIми ит новеллэхэр, повестхэр урысибзэкlэ зэрадзэкlащ Печенев Игорь, Яковлевэ Нелли, Кормушин Иван сымэ. «Омер Сейфеддин пщIэшхуэ иIэщ иджырей тырку литературэбзэр убзыхуэ зэрыхъуамкIэ, - жеIэ Печеневым. - Ялэ итхэми, езым и зэманым псэуа тхакIуэхэми ар къащхьэщокI и бзэр нэхъ къыздэгуэкIыу, цIыхубзэр зэрыпсалъэм нэхъ пэгъунэгъуу зэрыщытымкIэ.**

Хьэткъуэм и тхыгъэхэр хуэхейщ хъэрыл, къэжэр псалъэхэу тырку литературэбзэр лIэщIыгъуэ зыбжанэ хъуауэ зэлызыгъэхъэхэм».

Хэт хъуну-тIэ зи гугъу тщIы адыгэщIалэр? Хьэткъуэ Умар и адэ Сэфудинт истамбылакIуэ екъар. Тыркум нэса нэужь, ар зы щIыпIэм икIрэ адрейм Iэпхъуэу куэдрэ екIуэкIащ. ИкIэм-икIэжьм Мрамор тенджызым и Iуфэм пэмыжыжь Гёнен жылагъуэм дотIысхэ. 1884 гъэм абы къыщалъхуащ тхакIуэ цIэрыIуэ хъуну щIалэр.

Хьэткъуэм литературэм и гъащIэр пищIэну и пщIыхьэпIи къыхэхуэрэтэкъым. И ныбжьыр илъэс пщыкIутI фIэкIа мыхъуауэ, Умар Эдерне къалэм дэт дзэзешэ еджапIэм щIотIысхьэ. Ар къеуфун, Истамбул макIуэ, и щIэныгъэм хигъахъуэн мурад иIэу. ИкIи абы «Мектебе Хьэрбийе» еджапIэ нэхъыщхьэр къыщеухри, илъэс зыбжанэкIэ дзэм къулыкъу щещIэ.

1908 гъэм екIуэкIа революцэм и ужькIэ Тыркум кУэду къыщыдагъэкIыу щIадзэ сатирэ, гушыIэ журналхэр. Абыхэм къытрадзэ усэхэр, хъыбархэр икъукIэ къащхьэщыкIырт ятэрей классикэ сатирэм и щапхъэхэм. Тхыгъэхэм я нэхъыбэр пэджжэырт зэманым къигъэув къалэнхэм, литературэм и унэтIныныгъэ зэхуэмыдэхэм я зэныкъуэкъум. Абыхэм яхэтт пародиехэр, эпиграммэхэр. А зэманым щыIа тырку сатирэм и гугъу щащIкIэ, ятэу зи цIэ жаIэр Хьэткъуэ Умарт. Абы и тхыгъэ гъэпсыкIэм и лъабжьэщ псэ щабагъэр, гу пцIанагъэр, Iущыгъэ зыхэлъ акъыл гъэтIысакIэ зыгIэта гупсысэхэр, апхуэдэуи хъуэр, гушыIэ шэрыуэхэр.

Гу щабагъэкIэ псыхьа усыгъэ закъуэтIакъуэхэм къадэкIуэу, Хьэткъуэм итхырт пхъашэу, дыджу гум ежалIэ ауанхэмкIэ гъэнщIа новеллэхэри.

Умар и ныбжьэгъу тхакIуэхэу Джэс Алъпрэ Жаныпэ Алийрэ щыгъуу «Гёнч къалэмлер» журналыр къыдигъэкIыу щIедзэ.

1912 гъэм Хьэткъуэр аргуэру дзэм хохьэж, ауэ Балкан зауэм ар зэрыхэтар мащIэ дыдэрэщ. Гъэр ящIри, Алыджым (Грецием) мазипщIкIэ лъэхъуэщым щрагъэс, абы къызэрикIыжу, Истамбул ещ.ыгъуу «Гёнч къалэмлер» журналыр къыдигъэкIыу щIедзэ.

1912 гъэм Хьэткъуэр аргуэру дзэм хохьэж, ауэ Балкан зауэм ар зэрыхэтар мащIэ дыдэрэщ. Гъэр ящIри, Алыджым (Грецием) мазипщIкIэ лъэхъуэщым щрагъэс, абы къызэрикIыжу, Истамбул ещ.ыгъуу екIуэкIа. Ар зэман мащIэр дамэр уэзыгъэшэщI, дэрэжэгъуэ къозыт лэжьыгъэ куукIэ игъэнщIыкIащ. Абы и Iэдакъэм къыщIэкIащ новелли 150-м щIигъу, повесть зыбжанэ, зы пьесэ, и кIэм нимыгъэсауэ романитI. Хьэткъуэм къытрыригъэдзащ литературэр зыубзыху, бззм теухуа лэжьыгъэ куэд. Тхыгъэ зыбжанэ тыркубзэкIэ зэридзэкIащ, Гомер и «Одиссеери» хэту.

Адыгэ щIалэм и тхэкIэм дэпIьей, ар зи егъэджакIуэу къэзылъытэ тхакIуэ цIэрыIуэ куэд щыIэщ Къуэкlыпlэ Гъунэгъум. Хьэткъуэм и новеллэхэм, памфлетхэм тырку жылагъуэм и зэхэтыкIэр нэсу къыщигъэлъэгъуащ. Хэбгъэзыхьмэ, къэралым щыIэ ухуэкIэр, тырку хэм я хьэл-щэныр, я псэукIэр щIэнэкIалъэ зэрищIым къыхэкIыу, тхакIуэ цIэрыIуэр ягъэкъуаншэрт, «угущIэгъунэшэщ, псоми ущащоды хьэшх» жаIэу. Хьэткъуэм и Iэдакъэщ Iэкl нэхъыфIхэм ящыщщ «Тельыджэ», «Аэзн джэ макъ», «Iулъхьэ», «Лэгъупыкъу», «МафIэдз», «Аргъуей», «Адакъэ», «Делэ», «Динсыз» новеллэхэр, «Эфруз-бей», «Хьэрэм» повестхэр.

Тхыгъэ зыбжанэ абы триухуащ езым и гъащIэм и къекIуэкIыкIам, и лъэпкъэгъуэм. Апхуэдэщ «Шытхъунщ», «Яп мыхъумыщIагъэ», «ПIыртIыкъыш», «Эшэхэр», «Фыгъуэнэд», «Бгырыпх» новеллэхэр. Абыхэм Умар щетх и адэ-анэм, игъуэ нэмысу дунейм ехыжа и къуэш нэхъыжьым, къызыхэкIа адыгэ лъэпкъым папщIэ псалъэ гуапэ, гурыгъу-гурылъ дахэ куэд.

Хьэткъуэм и Iэдакъэщ Iэкl хэм увыпIэшхуэ щеубыд адыгэ таурыхъхэм хэт Iэмалшы Къуийцыкlыу, егъэлеяуэ пцIыупс барон Мюнхгаузен сымэ уигу къэзыгъэкI Эфруз-бей щхьэщытхъум. Абы и IуэхущIафэхэм ятеухуа повестым авторым ауан щещI 1908 гъэм екIуэкIа революцэм и зэманым щыIа пщы-уэркъ интеллигенцэр, зи щэнхабзэр зэзымыпэсыж Iужьжэхэр, напитIхэр, акъмыкъ фэрыщIкэр.

Ялэ дунейпсо зауэм щыгъуэ Хьэткъуэр тэмэму бгъэдыхьащ политикэ Iуэху щыIэныгъэм. Гушыlэ жанкlэ ар щыдыхьэшхащ пантюркистхэм я мурадхэм икIи «Хуитыныгъэм и жэщ» новеллэм зэрыпхъуакIуэ зауэр гум тебгъахуэ зэрымыхъунур къыщигъэлъэгъуащ.

Адыгэ лъэпкъым къыхэкIа тырку тхакIуэшхуэ Хьэткъуэ Умар и гъащIэр щхьэуэзыхь хуищIащ зыщыпсэу къэралым иц лъэпкъ псори нэхугъэм, щIэныгъэм къыхуэгъэушыным.

Абы и пщIэр ноби, пщэдеи, игъащIэкIи мыкIуэдыжынщ. Дунейм щехьжым зы гукъеуэ закъуэщ иIар Хьэткъуэм: и адэжь хэку и Iэфлагъ зэрызыхимыщIарц, абы хуэпсэуну, хуэлэжьну Iэмал зэримыIарщ.

ХьЭФЫЦIЭ Мухьэмэд.

Iулъхьэ

БЖЕЙ жыгхэм я пщIащэр жыым зэрихьэрти, уэчылым, Хьэжы Намыкъ, и тхылъымПIэхэр зэщIикъуэжащ, жыым ирихьэжьэнкIэ шынэри. Щхьэгъубжэр хуищIащ, бжэри къридзылIэжьнути, бжэщхьэIум нэсауэ, лIы лъахъшэ цIыкIу пщIантIэм къызэрыдыхэр илъэгъуащ. И плIэм хъуржыын зэпедзэкI илъщ лIы лъахъшэ цIыкIум, шыди IумпIэкIэ иныгущ.

- Еблагъэ, Алий Хьуэжэ! - къыщIыхужащ уэчылым лIы лъахъшэр. - Сыгым укъытхуихьа? Бззэрым махуитI иIэжщ иджыри, щхьэ учыежьа?

И нэр щIиукъуанщIэри, лIы лъахъшэ цIыкIум тхьэмыщкIафэ зытригъэуащ.

- Си Iуэху щIагъэкъым, зиусхьэн. Бэлыхь сыхэхуащ. Аращ сыкъезыхужьжьр... - жери зригъэIтхыьащ лIы лъахъшэ цIыкIум.

- Сыт пщIэн-тIэ, къыщIыхьэ... Нэхъ зэхэщIыкIыгъуэу къыдэжеIэт.

- БжесIэнкъэ... Аращ сыкъыщIэкIуар.

- Къэхъуар сыт?

- Уэр фIэкIа сызэчэнджэщын сиIэкъым. Чэнджэщакlуэ сыкъэкIуар.

Алий Хьуэжэ шыдыр ирипхри, уэчылым кIэлъыщIыхьащ. Зэчылым чысэ къыхуиушяти, тутын ишыхьащ, и хъуржынри иригъэувэхащ, тутыным екъуурэ, и Iуэху зытетыр Хьэжы Намыкъ хуиIэтащ. Къуажэ мухъутарым, Сойсузоглу, едауэрт Алий Хьуэжэ. Мухъутарым и щIы кIапэм унэ трищIыхьыгъащ Алий Хьуэжэ. Иджыри къэс къеныкъуэкъуакъым мухъутарыр. Иджы къодауэ, унэ трихьн мурад ищIащи. «ЩIыр зейм унэри ейщ», - къыжреIэ. Ар Алий Хьуэжэ идэркъым: «Унэр зейращ щIыри зейр!» - жери пэуващ.

Хьэжы Намыкъ, и жьакIэм хэпэщщыхьри, заулрэ гупсысащ. Иужьым жиIащ:

- Уэзахуэкъым, Алий Хьуэжэ!

- Сэра мызахуэр?

- Уэращ. Уэахуэкъым.

- Сызахуэщ. Унэр щысщIым зыри щхьэ жимыIапэ мухъутарым?

- АбыкIэ хуитщ - къыжбзIэнIами къыжимыIэнIами.

- СызахуэкIэ тхьэ щысIуэжынщ! СыпикIуэтынукъым! Сызэрызахуэр и фIэщ сщIынщ! Седэуэнуц!

- Уедауэмэ, ухилъэфэнщ.

- Сихьрелъафэ! ИтIани седэуэнущ!

Алий Хьуэжэ зэрыхилъэфэнум шэч къытрихьэртэкъыми, Iуэхум хэIэбэнутэкъым Хьэжы Намыкъ. ИтIани сыт ищIэн: игъэщIэхъу хъунукъым, Бозоюкъ къуажэм дэсхэм якуэуэчылIщ илъэс тIощIрэ пщIырэ хъуауэ. КъэзымыцIыху дэскъым Бозоюкъ, Iуэху къалъыкъуэкIамэ, зэжалIэр Хьэжы Намыкъщ, я уэчылIщ. ПщIэншэу ягъэуэчыл ффIэщIрэ - ишхын щагъащIэркъым, гу къыльатэ зэпытщ, гъавэр хъуамэ.

И щхьэм ечэнджэщыжри, Хьэжы Намыкъ жиIащ:

- Хьунщ, уи Iуэхур си пщэ дэсплъхьэжынщ, ауэ ухилъафэмэ, уигу къызумыгъабгъэ: мыр Iуэху щыкIуфэкIукъым.

- Уэзгъэбгъэнкъым. Ауэ сыт сыхилъафэнкIэ ущIэшынэр?

- Уэахуэкъыми, аращ сыщIэшынэр.

- ХеящIэм зы щынэ пшэр хукъуэзгъэплъмэ-щэ?

- Дауэ пIа?!

- Си кIэн къикIынкIэ хъункъэ итIанэ?

- Уи кIэн къикIынкIэ хъункъэ итIанэ?

- Нобэ ди хеящIэр ятэрейм хуэдэжкъым, ухэзгъэнкIэ Iэмал зимыIэщ!

Iулъхьэ хукъуэбгъэплъакъэ - уэахуэми, ухригъэлъэфэнущ. Бий къыпхуэхъунущ, уигъэтIысипIэнри хэлъщ! ПщIыхуркъым уэ ар! Нэхъ цIыху къабзэ срихьэлIауэ сщIэжыркъым. Iулъхьэ хэзгъэнукъым, кIэщIу бжесIэнщи. «Щынэпшэрхукъуэзгъэплъмэ!» жыбоIэ...

Алий Хьуэжэ и щхьэр ищIащ:

- Апхуэдэ цIыху къабзэм тхьэ щыщимыгъащIэ!

- Тхьэм жиIэ!

Си сыхьэт хуэдэкIэ зэбгъэдэсащ уэчылымрэ Алий Хьуэжэрэ.

Алий Хьуэжэ зэрыхилъэфэнум шэч лъэпкъ къытримыхьэми, Iуэхур и пщэ дилъхьащ уэчылым: Бозоюкъ жылэм яфIэлIыкIащ, езы Алий Хьуэжэри пщIэ хуищIырти, хуэгъэщIэхъуакъым.

- Хъунщ, сыхыхьэнщ уи Iуэхум, - кIыжриIащ, - ауэ укъыщымыгугъышщэ: узэрыхилъэфэну сызэрыпIэжьнум хуэдэу сощIэ, уи жагъуэ умыщIыжиужькIэ, уи Iуэхум зыри къимыкIмэ.

Ар зэрахьилIэри, Алий Хьуэжэ ежьжэщащ. ТхьэмахуитI дигъэкIри къытригъэзэжащ. Уэчылыр матхэри стIолым бгъэдэсщ. Алий Хьуэжэ къыщыщIыхьэм, Хьажы Намыкъ и щхьэр къиIэтащ, и нэгуджэри дригъэкIуэтеящ.

- Къеблагъэ, къеблагъэ, Алий Хьуэжэ! Ди кIэнэр кIэкIащ, пщIэркъэ? Си фIэщ хъуртэкъым ди кIэнэр кIэкIынкIэ!

- КъыщIикIар пщIэркъэ? - епльащ Алий Хьуэжэ уэчылым.

- Сыт къыщIикIар? - и нэр къригъэжащ уэчылым.

- Хеящ1эм хуезгъэша щынэ пшэрыращ ди кIэнэр къыщIикIар, - кьыфIэмыIуэхуу жэуап итыжащ Алий Хьуэжэ.

- Дауэ пIа? Щынэ хуебгъэша хеящIэм?

- Хуезгъэшащ.

- Епкуащ сытми?

- Ескуащ. Уэракъэ къызжезыIар: «Хеящ1эм Iулъхьэ хэзэгъэнукъым, Iулъхьэ къыхукъуэзыгъэплъыр, захуэми, хригъэлъэфэнущ»? Ы?

- Сэращ...

- Щынэ хуезгъэшащ, ауэ хуезыгъэшар сэраУэ зыкъеэгъэщIакъым.

- НтIэ?..

- Мухъутарым хуригъэшауэ жрезгъэIащ хеящIэм.

Уэчыл лIыжьым къалэмыр Iэщ1эхуащ, и жьэр иущIа фIэкIа, зы псалъэ хуээпыщэжакъым.

Жьы мащIэ къыкъуэзури, жыгей пщIащ1эм и макъыр щхьэгъубжэм къыдэлъэтащ...

Шы

СИ ШЫР тхьэмахуищ нейкIэ шэщым щIэтащ - щIэзэзыхьакъэ! Нобэ сышэсри, уанэ тесхакъым сихьэтитKIэ. Шыр ешащ, тхъурымбэр кьохуэх. Абы гу лъыстащ, Вадар псыхъуэ дыдыхьа нэужь. Шыр ешами, сэ сыкъыдэрыкIа къудейт. ЩIопщ уэгъуэ есхри, шым зричащ. Дзэлычым си напэр щIелъулыкI, жьыр фийуэ зэхьзох. Зыгуэрым срихьэжьауэ къысщохъу, жьыбгъэ сышэса хуэдэщ. «Илъэс щитху хуэдэ и пэкIэ сыкъалъхуатэми!» - а зыращ си гур зэрызгъэфIыр. Илъэс щитху и пэкIэ сыкъалъхуауэ щытамэ, дуней жьыхаIэр фэзгъэпльагъунт! НеIэмал... Дыкъалъхуакъым и чэзум...

Пшэ Iэтэ сырыхуэхэр уафэ лъащIэм щхьэхынэу щос. Шыри ешауэ къысфIощI, кIуэрым техьэн и мурад си гугъэщи, щIопщыр хузогъэдалъэ. Шым, аргуэрыжьщи, зреч, кумбIьэмбэ хуэзэкIи, къызэтеувIэркъым. Шы лъэгум къышщIэлъэт ятIэ шыкъырымрэ мывэкIэщхьэымрэ, къуанщIэ фIыщIэ хуэдэ, си ужьым итщ... Илъэс щитху и пэкIэ сыкъалъхуауэ щытатэмэ! «Хьет!» жрагъэIакъэ ди адэжьхэм! ЛIыгъэ-шыгъэкIэ уащIыхьэнт - жьыжьэуи уапэхъунутэкъым. ЗекIуэм хэкIакъым, шым епсыхакъым зы махуэ! Бетэмал, илъэс щитху и пэкIэ сыкъалъхуауэ щытатэмэ! Дунейр тIэу пкIэгъуэ схуркъунтэкъым, батэр згъэшынт! Дэ сытым дыщыщ: дыкъэрабгъэщ, дыщхьэхьинэщ, дынасыпынэщ, дыIэщэншэщ, дыхьэрычэтынышэщ - аращ дыкъуэзэрызэхнар.

Шым нэхьри зрызогъэн, пщIантIэпсыр къыпхысхуащ. Псым дзэл бащэхэр щхьэщытщ; сэмэгурабгъумкIэ гъущ Iуэгу щыщIэлъагъу: зиIуантIэ-зишантIэу, псым доущ гъущI Iуэгур, адэ-мыдэкIэ зыдедзэ, мэбгъунлъэ - псыхъуэм блапIэ дэпщ фIэкIа пщIэнкъым.

Шыр емышурэ, сэ сешащ, си куэ лыпIэр зрызэхиущэбар зэхьзоущIэ. Гу къыслъыта хуэдэ, шым нэхъ хуэм зещI, и тхьэкIумэр зэблигъэплъурэ хопырхьхI, бахъейр къыщхьэщех.

Къалэ цIыкIум дынэсыжащ. Псы Iуфэм зыIуагъэшащ къалэ цIыкIум дэт кхъуэщынщхьэ унэхэм. Я лъэгуажьэм нэс псым хэуваУэ, цIыкIубзэр мэжьыщIэ. Сыкъыщалъагъум, хьэжэр зэщIэбэнащ. Шыр къыжьэдэкъуащ. Си Iэпкъ-лъэпкъыр зэхэубэрэжьащ, шым сыкърамыхьэхыжмэ, сыкъепсыхьжыфын къысфIэщIыркъым.

Аракъэ схузэфIэкIынур? Аракъэ си фэм дэхуэнур? Шы схуэфащэ сэ? Зы теуэгъуэ зэпысчати, си щхьэр уиззэуэ, си Iэпкълъэпкъыр зэхэубэрэжьауэ уанэгум сисщ. Сыт къысхужаIэт, дяпэ итахэм сыкъалъэгъуатэмэ? ЦIыхум сыхабжэжьынтэкъым.

Илъэс щитху хуэдэ и пэкIэ сыкъалъхуатэми! «Хьет!» жезгъэIэнт, уанэгум жэщи махуи сисами, зыуи къысщыхьэнтэкъым. Сытым сыщIащ иджы: зыри сриуасэкъым, шыи схуэфащэкъым - ар хьэкъ сщыхуащ нобэ. Сигурэ си щхьэрэ зэбгъэжауэ, тхьэ сIуаи: «АфIэкIа сымышэсыжьи шы! Ди адэжьхэм я нэгуп тезмыхын!..»

Шытхъунщ

ШЭЦ бжэIупэр джэгуплэ тхуэхъуащи, пщэдджьжьым жьыуэ дыкъыщIолъэтри дыззорохь. ШэщымкIэ псыIэрышэ блож, дзэлыгъуэм и жьауэм зыщIигъэнщIауэ. Ди унэр хуэзщ жыгышхуэхэм къаxэщыркъым - зыми дыкъилъагъунукъым, дыззэранми. Ди анэр Истамбыл кIуащ - къыптэрыуэн искъым ди унэ. Си къуэшым сэрэ - ар зы илъэскIэ нэхъыщIэт - ди шыгъашхэ лIыжьым, Дударыхъу, дыкъыкIэрыкIырыкъым. Шым пэтщI щыIэкъым тIуми: сыт и уасэ щыр псафэ пшэнщ! Хьэсэн и закъуэ щэсын мэшынэ иджыри - аращ Дударыхъу шыплIэм щIыдигъэтIысхьэр. Шыр псафэ къитушыжамэ, Iэнлъэм зэнтхэ идокIутэ, шхалъэм мэкъу дыгъэлыр дзэ дощI, шэщыр къыдотхъу. Псом хуэдэж шыр птхъунущIыныр! Дударыхъу шытхъунущIыр къищтэрэ шым еуэвэлIамэ, сыщсхьэ:

- Сэ сыгъэтхъунщI шыр!

Дударыхъу сеIэтри, шым и тхыцIэм сытрегъэзагъэ, шытхъунщIри къысIэщIелъхьэ:

- ТхъунщI. Уемыгуауэ закъуэ.

Шытхъунщыр Псэбдзэ и тхыцIэм дызолъэ. Шым и тхъэкIумэр зэблегъэплъ.

- И кIэр игъэкIэрахьуэрэ Псэбдзэ? - соупщI Дударыхъу.

- ЕгъэкIэрахьуэ.

- Сеплпынти.

ЗызогъэзэкI, арщхьэкIэ шым и кIэр слъагъуркъым: шы тхыцIэм сыкъытещ къудейщ, шыкIэр дэнэ щыслъагъун!

Аращ пщэдджьжьк хъуси: шэщым сынэсакъэ - лIыжьым сыщохьэ:

- Шыр сэ сыгъэтхъунщI, дадэ!

- ПхэтхъунщIынкъым.

- Сыт щIысхуэмытхъунщIынур?

- Уи ныбжь нэсакъым. Щыгъуэ щIэнтIащ.

- Дапщэщ сыкъыщыдэкIуэтеинур?

Иужьрей упщIэм жэуап кърит хабзэтэкъым Дударыхъу.

Шыр зэрыстхъунщIыр игу ирихь хъункъым лIыжьым: сыцIыкIунитIэ пэтми, гу лъыстэнтэкъэ абы! Шы ныбэгум сыщIэуэ къудейщ. Шыми ищIэ хъунщ сызэрыцIыкIунитIэр: щыстхъунщIкIэ, и тхъэкIумэр егъэкI, хопырхькI, зобэдзауэ, щыпхыукIи къохьу. Дударыхъу бзэ - къызыхуимыгъуэтын щыIэ! Шым зыщихъунщIэкIэ, и тхыцIэм телъэщIыхьурэ трельуэж, йодэхащIэ. Дахэр хозагъэ Псэбдзэ!

Тоужри, шхалъэм йоувэлIэж...

Шэщым си закъуэ сыкъыщIэнащ зэгуэрым. Хьэсэнрэ Дударыхъурэ псым кIуат. «Шыр стхъунщIынщ, - жысIащ, - ахэр кьэсэжьыкIэ».

Шытхъунщым солъыхъуэри згъэтырыкъым. Шэщым пыхукIауэ, кьуэдзапIэ иIэт Дударыхъу. Абы сыщыхьащ. Шы Iэпслъэпсхэм сахэплъащ - шытхъунщIыр яхэзгъуэтакъым. Дэнэ щигъэпщкIуар? ПлIанэпэм дзт пхъэ гъуэлъыпIэм и щIагъым пхъуантэ уздыхэр цIыкIу щIэслъэгъуащ. Сигу щхьэ къэмыкIарэ алъандэм! ШытхъунщIыр пхъуантэ уздыхэм дэлъщ, дауи. Пхъуантэр гъуэлъыпIэ щIагъым къыщIэслъэфри зэтесхащ - дэлъщ! Шытхъунщ щIэрыпсщ, ди анэм Истамбыл къыхуригъэхащ.

ШытхъунщIыр къэспхъуатэри Псэбдзэ сыбгъэдэлъэдащ. Сызэбгъэдигъэхьакъым! ЕльэкIуэщащ, зриIуэнтIыхьащ. «И щIыфэр згъэуэз хъунщ», - жысIащ сигукIэ. Шытхъунщым и дзэм сеплъащ: жанибзэт, цыпхыдзэ хуэдэ! ШытхъунщIыр мэлыд, дыжьыным къыхэщIыкIа фIэкIа пщIэнукъым. «И дзэр Iузгэнщ», - жысIэри шытхъунщIыр мывэ блыным щысхъуащ. «Дзагэ хъуащ иджы», - жысIэри, шым сахыхьащ. Зым сызыбгъэдигъэхьакъым! Зыкъыскхуагъэгуа фIэкIа пщIэнукъым: зрагъэзэкIри мэпырхъ, я тхъэкIумэхэр зэблагъэплъ.

ШытхъунщIыращ зи лажьэр! Сыхурикъункъэ шытхъунщым!

Шэщым ибгъукIэ мывэ хьэкхъуафэ щыпIт. Хьэкхъуафэм испытхащ шытхъунщIыр, суплIащIыу сыкIэрыкIакъым. СуплIащIри хьэкхъуафэм издзэжащ шытхъунщIыр.

Лэжьакlуэ щыкlуэкIэ, шэщым ныщIэплъэ и хабзэт ди адэм. А пщэдджьжьмы ныщIэплъащ. Си закъуэт шэщым щIэтыр - Хьэсэн къыскуэгъэуакъым а пщэдджьжьым. Хьэкхъуафэм итъ шытхъунщым тралъхъэ. Ди адэр Хьэсэн къыбгъэдэкIыркъым, и пIэ лъапэм тесщ. Дударыхъу нэщхьей зэпытщ, псэлъэжьркъым. Ди унэIут цIыхубзыр магъ, щIинэркъым.

- Щхьэ угъэр? - сеупщащ унэIут и цIыхубзым.

- Уи къуэушыр сымаджэ хьэлъэщ.

- Хьужьнкъэ? - жызоIэ.

- Хьэуэ, хьужьнукъым.

- Сыт къэхъунур-тIэ?

- Уи къуэш цIыкIур лIэнущ.

- ЛIэнущ жыпIа? - сэри согъ, сыкъыщиудауэ.

Хьэсэн зэрысмаджэм щхьэкIэ, ди унэIут цIыхубзыр щыжей пэшым сыщагъэгъуэлъат сэ. Жэщ хъурэ сыгъэлъэжьамэ, Хьэсэн си нэгу щIэкIыркъым. Гъыуэ къызбгъэдэт хуэдэщ: «ПцIынтIэ! ПцIынтIэ!»

Зыжэщ ди унэIут цIыхубзыр къэзгъэушащ:

- Хьэсэн деж сыкIуэнущ.

- Сыт щхьэкIэ? - игъэщIэгъуащ унэIут цIыхубзым.

- Ди адэм зыгуэр жесIэн хуейщ.

- Сыт жепIэнур?

- ШытхъунщIыр сэ зэрыскъутар жесIэнущ.

- Сыт шытхъунщI?

- Нэгъабэ пщIэжыркъэ? Хьэсэнщ зытралъхьар. Ди адэр ешащ...

АфIэкI схужыIэжакъым: сыкъыщиудауэ согъ, пIэкум сисщи. Зэрыхъуар жесIащ ди унэIут цIыхубзым. Зызымысыжмэ, ди адэм и фIэщ хъункъэ? Хьэсэн лажьэ иIэкъым - ар жесIэнщ ди адэм. Сэращ зи лажьэр.

- Нэху щымэ жепIэнщ. Жэщыбг хъуа хуэдейщ.

- ХьэуэI, иджыпсту сыкIуэнущ!

- Уи адэр мэжей иджыпсту. Къыумыгъэуш. Пщэдджьжь жепIэнщ.

- Хъунщ-тIэ.

Си нэбдзыпэ къехакъым а жэщым. Нэхулъэ къищIа къудейуэ, ди унэIут цIыхубзыр къэзгъэушащ. Зызымысыжнущи, сыкъытреч. Зызымысыжмэ, си пIэм дэлъ хьэлъэр дахуэжынущ.

БжэIупэм Дударыхъурэ къуажэ ефэндымрэ дащрихьэлIащ - тIуми я нэпсыр къыщIож. Си шынэхъыщIэ цIыкIум и гущэр хэкIащ а жэщым.

ЗзыдзэкIар

КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмидщ.

Тырку Республикэм щыIэ Гёнен къалэм и утыку нэхъыщхьэм деж щытщ Хьэткъуэ Умар и фэеплъыр. Абы удз гъэгъахэр тралъхьащ ХьэфIыцIэ Мухьэмэдрэ хэгъэрей адыгэхэмрэ.

Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ. 2014 гъэ*

● Си бзэ - си псэ, си дуней

Анэдэлъхубзэмрэ хабзэмрэ щIапIыкI

Илъэс 20-м щIигъуауэ ди щIыналъэм щекIуэкI «Си бзэ - си псэ, си дуней» зэпеуэм мы илъэсым япэу хэтащ Налшык къалэ дэт 27-нэ курыт еджапIэм къепхауэ лажьэ 3-нэ сабий садыр.



ФИГУ къэдгъэкIыжынци, зэпеуэр «Адыгэ псалъэ» газетым 1998 гъэм кьыхилъхьауэ щытащ. Iэуку дахэр абы даIыгъат КъБР-м ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я Iэхухэмкlэ министерствэм, Дунейпсо Адыгэ Хасэм, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм. Зэпеуэм и къалэн нэхъыщхьэр къытщIэхъуэ щIэблэм адыгэбзэр яIурылъу, лъэпкъ тхыдэр, хабзэр ящIэу, екIуу зэрахьэу къэгъэтэджынырщ, егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэм къыхьихьэ Iэмалыщ1эхэм тету анэдэлъхубзэр егъэджыныкIэ бгъэдыхьэкIэщIэхэр къэгъэнэхуэнырщ, Iэзагъ ин яхэлъуахэр зи лэжьыгъэм хэзыщIэф курыт школхэр, сабий Iэхуху1апIэхэр, егъэджакIуэхэр, гъэсакIуэхэр гъэпэжнырщ, абыхэм я зэфIэкIым псори щыгъэгъуэзэнырщ.

ХьэщIэхэм къапежьат Егъэджэныгъэмкlэ къалэ департаментым и методист ЛIыIэщIын Людмилэ, 27-нэ курыт школым и унафэщI Щэрий Мадинэ, егъэджакIуэхэр, сабий садым и лэжьакIуэхэр, адэ-анэхэр.

Къэпщытакlуэ гупым щыщу сабий садым еблэгъахэт министерствэм лъэпкъыбзэмкIэ и къудамэм и унафэщI, къэпщытакIуэ гупым и Iэтащхьэ Табыщ Мурат, Къулъкъужьи Ищхъэрэ къуажэм дэт 3-нэ курыт еджапIэм и унафэщI Нартокъуэ Беслъэн, Налшык дэт 4-нэ гимназием и егъэджакIуэ Уэркъуасэ Иринэ, Налшык дэт 1-нэ гимназием и егъэджакIуэ Махуэ Маринэ, Лашынкъей дэт 1-нэ курыт еджапIэм и егъэджакIуэ Къуэныкъуей Раисэ, Шэджэм къалэ дэт 1-нэ курыт еджапIэм и егъэджакIуэ Къардэн Олеся, Кэнжэ дэт 20-нэ курыт еджапIэм и егъэджакIуэхэу Къэзанш Нинэрэ Къэзанш Ислъамрэ, Тэрч къалэ дэт 1-нэ лицейм и егъэджакIуэ Iэзхъуу Аллэ сымэ.

Сабий гъэсапIэр зыхуей хуэзэу, къабзэу зэрызэрахьэр нэрылъагъут. Абы екIуалIэ цыкIуухэми хьэщIэ зэрафIэфыр я нэгум кьишу апхуэдэт. Адыгэ хабзэм кьызэрезэгъыу, хьэхьу псалъэкIэ зыкъыхуагъазэу хьэщIэхэр ирагъэблагъа нэужь, ахэр япэщIыкIэ щагъэгъуэзащ сабий садым кьекIуалIэ цыкIуэм адыгэбзэр егъэщIэным теухуауэ ирагъэкIуэкI Iэзху щхьэпэхэм, лжьышгъэхэм.

Адыгэбзэмкlэ егъэджакIуэ Къатхъэн Жаннэ зэIущIэр къыщызэIуихым къыхигъэщащ садым сабий 342-рэ къызэрекIуалIэр, абыхэм ящыщу 270-р зэрыадыгэр, адыгэбзэкIэ зэрысалъэр.

- Унэм щызэхах адыгэбзэм, адэ-анэмэ къыбгъэдалъхьэ щIэныгъэм къыщымынэу, сабийм къыдалъхуа бзэр Iэщ1эмыхуныкIэ жэуапышхуэ зыхьыр ахэр нэхъыбэрэ здэщыIэ садым и гъэсакIуэхэращ. Сабийм зэхихымрэ иIьагъумрэщ ищIэжьынури, нэхъыбэрэ анэдэлъхубзэкIэ даззрепсэлъэным, дахагъэм зэрыщIэтIыкIыным дэри зэрытхузэфIэкIкIэ дыхущIокъу, дытолажьэ, - жиIащ Жаннэ.

ЕгъэджакIуэм хьэщIэхэр щигъэгъуэзащ сабийхэм анэдэлъхубзэм лъагъунэгъэ хуащIын, ар нэхъ тыншу кьащтэн, дихьэхын папщIэ ядригъэкIуэкI лжьышгъэхэм. Абы жиIащ цыкIуэм дыкъызыухъуреихь дунейр кьаэзрыщыхъыр, яIьагъур сурэт ящIрэ абы адыгэбзэкIэ трагъэпсэлъыхьыжырэ, кьуажэхьхьэмкIэ, псынщIэрыпсалъэхэмкIэ, джэгукIэ хьэлэмэтхэмкIэ сабийхэр кьыззрыдахьэхыр, лъэпкъым и махуэшхуэхэм ирихьэлIэу пшыхьхэр зэрырагъэкIуэкIыр, адэ-анэхэми яфIэгъэщIэгъуэну, кьэлъаIуи яхэту зэрызэдэлажьэр. Ауэ псом хуэмыдэу таурыхьхэм щеджэ, ахэр щызэпкърах, щытепсэлъыхьыж дерсхэр сабийхэм нэхъыфIу зэралъагъур, иджы щыIэ Iэмалыщ1эхэри хапщэурэ зэрадзлажьэр кьыхигъэщащ.

КъыкIэлъыкIуэу хьэщIэхэр ирагъэплъащ Iэхуху1апIэм кьекIуалIэ сабийхэмрэ адэ-анэхэмрэ зэгъусэу ящIа хьэпшып цыкIуэхэм. Нэм кьыфIэнэхэм ящыщт фащэ екIу зыщыгъ гуащэхэр, бжьыь зыIут унэ, матэ цыкIуэхэр, сурэт зэмылIэужьыгъуэхэр

Iэхуху1апIэм и щыIэкIэпсэукIэр, кьекIуалIэ сабийхэм я Iэпщ1эпльапщIагъыр хьэщIэхэм зрагъэльэгъуа нэужь, ахэр ирагъэблагъащ «Таурыхъ зэхэзэрыхьа» фIэщыгъэр зиIэ мастер-классым. Къатхъэн Жаннэ кьигъэсэбэпар урыс тхакIуэшхуэ, Iуэрыуатэдж цIэрыIуэ, профессор Пропп Владимир и «Таурыхъ телъыджэхэм я мифологиелъэныгъэрщ. Пропп и лъжьыгъэм къыщихьа картэхэр адыгэбзэкIэ зэрадзэкIауэ абыхэмкIэ цыкIуэхэм таурыхъхэр жраIэу, езы цыкIуэхэми а Iэмалымкlэ жэуап къатыжьфу зэрагъасэ щыкIэр наIуэу къиГъэльэгъуащ. Къатхъэным зэрыжиIэмкIэ, мыпуэдэ бгъэдыхьэкIэр куэду сэбэпщ, сабийр езыр гупсысэу, и гупсысэр адыгэбзэкIэ къиIуэтэфу егъэсэнымкIэ.

Къыззхуэсахэр адэкIэ ирагъэплъащ гуп нэхъыжьхэм щIэс цыкIуэхэмрэ абыхэм я гъэсакIуэхэмрэ театр телъэгъуэу ягъэува, Нало Заур и «Къулбацицэ» таурыхъым. НэхъапэлъуэкIэ къэпщытакIуэхэм ирагъэльэгъуа лжьышгъэхэм я щыхьэтт теплъэгъуэ телъыджэм щыджэгу цыкIуэхэр зэхэщIыкIыгъуэу, гъэхуауэ зэрыпсалъэр, я гур утIыпщауэ, хуиту утыкум адыгэбзэр зэрыщагъэIур.

Мы Iэхуху1апIэм адыгэбзэмрэ хабзэмрэ хъумэнымкIэ щекIуэкI лжьышгъэм, щIыпIэ администрацэми езы гъэсапIэм и унафэщIми сабийр кьызыхэкIа лъэпкъым и хабзэм щIэпIыкIыным, и анэдэлъхубзэм пщIэ хуищIыжу гъэсэным гулъытэшхуэ зэрыхуащIым гукъыдэж къаритауэ ежьэжащ къэпщытакIуэхэр.

ХЬЭРЭДУРЭ Аллэ.

● Атлетикэ псынщIэ

МетритIыр къыфIэIуэхужкъым

Ди лъахэгъу Ласицкене (Кучинэ) Марие мы гъэм япэу дунейпсо зэхьэзэхуэхэм щыхэтащ Германием и Котбус къалэм щекIуэкIа «Internationales Springer-Meeting Cottbus» зэпеуэм. Абы, дауи, ар щытекIуащ.

ЦIЫХУ минитIым щIигъу зыщIэс стадион зэхуэщIар хуабжьу гуапэу кьыIущIащ дуней псом плIэнейрэ и чемпион Ласицкене (Кучинэ) Марие. Прохладнэ кьыщалъхуа ди пщащэм ахэр ирагъэIэхъуакъым икIи дэрэжэгъуэ ин яритащ, «Internationales Springer-Meeting Cottbus» зэпеуэм зэи кьыщымыхъуа лъагагъэ кьыщицтэри. Япэ бгъэдыхьэгъуэкIэ ар щхьэпрылъащ метритIрэ сантиметритIым.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, иужь махуипщIым Марие хэтащ зэхьэзэхуэу плIым. Ар псоми щытекIуащ икIи зэи метритIым нэхъ лъахъшэ лъагагъым кьыщызэтеувыIакъым. ЩIышылэм и 20-м Мэкуу щекIуэкIа «Битва полов» зэпеуэм метри 2,03-рэ кьыщигъэлъэгъуащ, махуитху дэкIри, Озолинымрэ Дьячковымрэ я мемориалыр кьихьащ (метри 2,0), бэрэжьей блэкIам «Сталинград и кубокыр» Волгоград щызыIэригъэхьащ (метри 2,01-рэ).

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

● Самбэ

Гугу Мурат и екъулIэныгъэ

Санкт-Петербург щекIуэкIащ Урысей МВД-м боевой самбэмкIэ и чемпионат. Ди лъахэгъу Гугу Мурат абы дыжьын медаль къыщихьащ.

ЗЭХЬЭЗЭХУЭМ кьрихьэлIат бэнакIуэ 800-м щIигъу. Ахэр Урысейм Къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ и министерствэм щIыпIэ 61-м щIэ и Iэнатlэхэмрэ еджапIэхэмрэ къикIат.

Килограмми 100-м щIигъу зи хьэлъагъхэм я зэпеуэм фIы дыдэу зыкъыщигъэльэгъуащ Гугу Мурат. Ар къызыпикIуэтар финалым зыщыIущIа, Урысей Федерацэм и чемпион Мохнаткин Михаил и закъуэщ икIи етIуанэ увыпIэр къихьащ.

ХЬЭТАУ Ислъам.

● Егъэджэныгъэ

Ди школхэр нэхъыфIхэм халъытэ

Илъэс зыбжанэ хъуауэ ди къэралым щокIуэкI курыт еджапIэхэм къыщыщэрагъэзэща школ сайтхэм я зэхьэзэхуэ. Иужьрей апхуэдэ зэпеуэм пашэ щыхьуахэм яхэхуащ ди щIыналъэм и апхуэдэ Интернет хэщIапIэхэр.

«ШКОЛ сайтхэм я урысейпсо рейтинг-2018»-м наIуэ зэрыщыхъуамкIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и курыт школ 11-м я Интернет сайтхэр, апхуэдэуи школ Iуэхухэм щэщIауэ щытепсэлъыхь нэгъуэщI ди сайти 5-м зэпеуэм балл бжыгъэ куэд кьыщацхьащ икIи текIуахэм хальытащ. Апхуэдэ унафэ кьащтащ зэпеуэм и кьызэгъэпэщакIуэхэм. Абыхэм яхэтщ Урысейм и университетыщIэр, «Просвещение» тхылъ тедзапIэр. Абыхэм методикэ дэIепыкъуныгъэ кьаритащ «Экономикэмкlэ школ нэхъыщхьэ» Лъэпкъ къэхутакIуэ университетым. Зэпеуэр дзэныгъэхэм ящыщщ REGNUM хьыбарегъащIэ IэнатIэмрэ егъэджакIуэхэм папщIэ кьыдэкI «Учительская газета»-мрэ.

Урысей Федерацэм хыхь щIыналъэ 85-м щылажьэ курыт школхэр хэтащ рейтингым. Псори зэхэту кьапщтэмэ, зэпеуэм зэрыхэтынумкIэ лъэIу тхылъ ятат Iуэхуху1апIэ 6501-м. Абыхэм ящыщу къэпщытэныгъэхэм нэсар тхылъ 2559-щ. Ахэр къэралым и субъект 72-м щылажьэ школхэм я сайтхэм я щыфэIыфэр къэзыгъэлъагъуэхэт.

Егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ Iуэхуугъуэхэм епха сайт нэхъыфIхэр къыщыхахым, ахэр гуп-гупурэ ягуэшащ. Езанэ гупым хагъэхащ курыт школхэм щылажьэ сайтхэр. Апхуэдэхэм я бжыгъэр 1066-рэ хъурт. ЕтIуанэ гупым хэхуащ сабий гъэсапIэхэм къыщызэрагъэпэща сайтхэр. Ахэр 965-рэ хъурт. Ещанэ гупым хэту зэхьэзэхуащ ныбжьыщIэхэм щIэныгъэ гуэдзэн щрагъэгъуэт Iэхуху1апIи 130-рэ. ЕплIанэ гупым щызэпеуащ школ Iуэхур къыщIэт класс сайтхэмрэ егъэджакIуэ щхьэхуэхэм езыхэм къызэрагъэпэщахэмрэ. Апхуэдэхэр 398-рэ хъурт.

Езанэ гупым хэтхэм ящыщу балли 100 е нэхъыбэж зыхуагъэувахэм яхэхуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щылажьэ курыт еджапIэ зыбжанэ. Апхуэдэхэщ Налшык дэт курыт школхэу №№95-р, 7-р, 9-р, 26-р, гимназие №04-р, Лэскэн щIыналъэм хыхьэхэу Арщыдан кьуажэм дэт курыт школ №3-мрэ Лэскэн ЕтIуанэ кьуажэм и курыт школымрэ, Налшык къалэ округым хиубыдэ Хьэсэней жылэм дэт курыт школ №16-р, Iуащхьэмахуэ щIыналъэм хыхьэ Гундэлэн кьуажэм дэт курыт школ №91-р, Аруан щIыналъэм и кьалащхьэ Нарткъалэ дэт курыт школ №6-р. Балл 98-рэ зэпеуэм кьыщихьащ Лэскэн щIыналъэм хыхьэ Уэзрэдж жылэм дэт курыт школым.

Зэпеуэм и еплIанэ гупым щагъэувэ балл нэхъ лъагэ дыдэхэр кьахьащ абы хэта ди сайт зыбжанэм: «Уроки. Творчество. Мастерство» (Налшык къалэм дэт курыт школ №23), «Пирамидка знаний» (Аруан щIыналъэм и кьалащхьэ Нарткъалэ дэт курыт школ №6), а школым математикэр щезыгъэдж Бахъуэ Альфусэ, Лэскэн щIыналъэм хыхьэ Уэзрэдж кьуажэм дэт курыт школым информатикэр щезыгъэдж Кабалоевэ Еленэ, Iуащхьэмахуэ щIыналъэм хыхьэ Гундэлэн кьуажэм дэт курыт школ №91-м химиемрэ биологиемрэ щезыгъэдж Чочаевэ ФатIимэт сымэ я сайтхэм.

Къэралпсо зэпеуэм пашэ щыхьуа курыт школхэми егъэджакIуэхэми ди гуапэу дохьуэхьу екъулIэныгъэщIэхэр зыIэрагъэхьэу гъэ еджэгъуэр ирахьэкIыну, лъагапIэщIэхэм нэсыну.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

● ХъыбарегъащIэ

Щоджэнцыкlу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым фрегъэблагъэ

Мазаем и 8-м - Гещадзе А. и «Си адэшхуэм кьыззришэжар» теплъэгъуитIу зэхэт гушыIэ пьесэм кьытращыкIа спектаклым.

Мазаем и 17-м - Ольмезов Мурадин и «Унэ лъапIэ» пьесэр и лъабжьэу ягъэува, теплъэгъуитIу зэхэт драмэм.

Мазаем и 25-м - Аппаев Билал и «Тхьэлъхудхэр зэрадигъур» пьесэм тету яща, теплъэгъуитIу зэхэт гушыIэ спектаклым.

Спектаклым щыщIидзэр сыхьэт 19-рщ.

УпщIэ зиIэхэр фыщIэупщIэ хъунущ мы телефонхэмкIэ: 42-64-94, 42-33-89.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэмрэ КъБР-м и Парламентым и Аппаратым и лжьакIуэхэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутат **Щэрдан Валерий Нажмудин и къуэм** хуогузавэ абы и адэ **Щэрдан Нажмудин Хъызыр и къуэр** зэрылIам къыхэкIыу.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэмрэ КъБР-м и Парламентым и Аппаратым и лжьакIуэхэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и етIуанэ, еплIанэ хэхьгъуэхэм я депутату щыта, КъБР-м и Парламентым и деж щыIэ Жылагъуэ советым хэт **Сыжажэ Валерий Хъусен и къуэм** хуогузавэ абы и щхьэгъусэ **Сыжажэ Аллэ Евгений и пхъур** зэрылIам къыхэкIыу.

Налшык къалэ судым и хеящIэ **Бозий Аузед Хьэжмурат и къуэм** дыхуогузавэ и щхьэгъусэ **Айе Машэ и пхъур** дунейм зэрехьажам къыхэкIыу.

КъБР-м и Суд нэхъыщхьэ, Налшык къалэм и суд, Налшык къалэм и прокуратурэ, КъБР-м и Уэчылхэм я палатэ, Дунейпсо Адыгэ Хасэ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэ, «Адыгэ псалъэ» газет.

● Кикбоксинг

Дыщэ медаль 27-рэ

Нартсанэ къалэм и сабий-ныбжьыщIэ спорт школ №1-м щекIуэкIащ Ставрополь крайм кикбоксингымкIэ и зэхьэзэхуэ зэIухарэ чемпионатрэ. Къэбэрдей-Балъкъэрым икIахэм абы медаль 41-рэ щызыIэрагъэхьащ.

УРЫСЕЙ Федерацэм и Ипщэ лъэныкъуэм и спорт школ 40-м я гъэсэн 33-м нэблагъэ хэтащ Нартсанэ щекIуэкIа зэхьэзэхуэм. ФIым и фIыжу абы зыкъыщызыгъэльэгъуа ди ныбжьыщIэхэр я хьэлъагъэр ныбжьэрэ елъытауэ зэпеуэхэм я нэхъыбэм щытекIуащ икIи дыщэ медалу 27-рэ къахьащ. КъищынэмыщIауэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым икIахэм зыIэрагъэхьащ дыжьын медалу 8-рэ жэзу 6-рэ.

Ди спортсменхэм я екъулIэныгъэхэр дагуэш я тренерхэу Къудейкэ Алимрэ Залымрэ, Саралидзе Айдин, Куэшмэн Рустам, БецIыкIу Зубер сымэ.

ТЕМЫР Дисанэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФЫЩIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

ЖьэкIэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Щирдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Элэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, ЩхьэщэмыщI Изэ.**



Езыгъэтхаэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIэмрэ редакцIэмрэ я хэщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхухэмкlэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; хабзэхъумэ Iуэхуху1апIэхэм ядлэжьэныкIэ - 42-60-53; узыншагъэр хъумэныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхуху1апIэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъыкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху ептыкIэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъаазэм и 19-м Печатным и хуитыныгъэр хъумэныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхуху1апIэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Залинэ,** *редактору* **ЖьэкIэмыхъу Маринэ,** *корректорхэу* **Щоджэн Иннэ** *(1, 2-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(3, 4-нэ нап.). КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* **Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бищу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 2.233 ● Заказ №87